



Pou Piblikasyon Imedya: 20/04/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

NAN KAD PANDEMI COVID-19 LA, GOUVÈNÈ CUOMO MANDE GOUVÈNMAN FEDERAL LA POU BAY PRIM RISK POU TRAVAYÈ PIBLIK ESANSYÈL YO

Lanse nouvo patenarya ak Ready Responders pou devlope sèvis swen sante epi fè tès pou rezidan NYCHA yo

Eta a ap livre plis pase 500,000 mask an tisi ak 10,000 galon dezenfektan pou men bay kominote lojman piblik yo

Anonse kreyasyon Gwoup Travay Reimagine NY pou amelyore sistèm nan sid eta New York lè eta a soti nan poz la

Anonse SUNY ap distribye plis pase 8,800 òdinatè pòtab ak Chromebooks bay etidyan ki gen bezwen fini kou semès sezon prentan yo

Konfime 4,726 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki fè total la nan tout Eta a rive 247,512; gen nouvo ka nan 40 Konte

Nan kad pandemi COVID-19 ki ankou a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te mande gouvènman federal la jodi a pou bay prim risk pou travayè piblik esansyèl ki nan premye liy yo, ki pwopoze yon bonis 50 pousan pou travayè sa yo. Dapre Sant pou Rechèch Ekonomik ak Politik la (Center for Economic and Policy Research), 41 pousan travayè ki nan premye liy yo se moun koulè. Pami travayè ki nan premye liy sa yo, 45 pousan travayè transpò piblik, 57 pousan travayè sèvis netwayaj batiman ak 40 pousan travayè swen sante yo se moun koulè. Moun koulè yo reprezante nan fason ki pa pwopòsyonèl tou nan livrezon ak sèvis swen timoun, epi anviwon yon tyè travayè ki nan premye liy yo se manm fanmi ki pa gen gwo revni.

Gouvènè Cuomo te anonse tou, eta a ap lanse yon nouvo patenarya ak Ready Responders pou pote sèvis swen sante, ki enkli tès dyagnostik COVID-19 pou rezidan lojman piblik yo nan Vil New York. Eta a ap fè patenarya tou ak Reprizantan Greg Meeks, Reprizantan Hakeem Jeffries, Pwokirè Jeneral Letitia James, Pòt Pawòl Asanble a Carl Heastie ak Prezidan Minisipalite Bronx, Ruben Diaz Jr. nan efò sa. Yon pwogram pilòt ap kòmanse semèn sa nan plas atravè Vil New York, ki enkli Highbridge Houses, Edenwald Houses, Washington Houses ak Andrew Jackson Houses nan Bronx; Queensbridge Houses ak Brevoort Houses nan Queens; ak Red Fern Houses ak Hammel Houses nan Brooklyn.

Gouvènè a te anonse tou eta a ap livre 500,000 mask an tisi ak 10,000 galon dezenfektan pou men bay kominote lojman piblik yo.

Gouvènè a te anonse tou kreyasyon yon Gwoup Travay Reimagine NY pou amelyore sistèm nan sid eta New York lè eta a pa nan poz ankò. Se Majistra Vil New York la, Bill de Blasio, Kad Egzekitif Konte Westchester George Latimer, Kad Egzekitif Konte Nassau Laura Curran, ak Kad Egzekitif Konte Suffolk Steve Bellone k ap dirije Gwoup Travay la, e l ap konpoze de lòt ofisyèl eli lokal ak ekspè lojman ak transpò yo.

Gouvènè a te anonse tou SUNY ap distribye plis pase 8,800 òdinatè pòtab ak Chromebooks bay etidyan ki gen bezwen pou fini kou semès sezon prentan yo sou entènèt nan kad kriz sante COVID-19 la. Pliske SUNY ak kanpis yo kòmanse planifye chanjman nan aprantisaj a distans nan mwa mas la, Sistèm Administrasyon SUNY an te fè sondaj nan tout 64 kanpis ak kolèj yo pou evalye bezwen etidyan yo, epi l ap bay òdinatè pòtab ak Chromebooks ki baze sou rezilta sa yo. SUNY ap kontinye kontwòle epi pouvwa ak bezwen teknoloji yo pandan aprantisaj adistans lan ap kontinye.

"Travayè piblik esansyèl yo se sa ki nan premye liy chak jou yo k ap pote nou nan kriz sa, e nou dwe asire ke yo rekonèt efò ak sakrifis yo nan fason ki apwopriye", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Kriz sa pa ko fini, e toutotan travayè sa yo kontinye travay epi ekspoze tèt yo a viris la, yo ta dwe reminere yo kòrèkteman. M ap mande gouvènman federal la pou bay prim risk pou travayè nan premye liy yo epi ba yo 50 pousan bonis paske yo se vrè ewo nan kriz sa."

Finalman, Gouvènè a te konfime 4,726 ka kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 247,512 ka konfime nan Eta New York. Nan total 247,512 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	687	5
Allegany	30	0
Broome	199	7
Cattaraugus	34	0
Cayuga	36	0
Chautauqua	25	0
Chemung	73	0
Chenango	78	0
Clinton	51	2
Columbia	111	4
Cortland	25	0
Delaware	49	0
Dutchess	2,284	44
Erie	2,109	39
Essex	20	2
Franklin	13	0
Fulton	27	0

Genesee	119	2
Greene	86	1
Hamilton	3	0
Herkimer	49	0
Jefferson	54	0
Lewis	9	1
Livingston	39	0
Madison	106	0
Monroe	1,054	22
Montgomery	35	0
Nassau	30,677	664
Niagara	255	9
NYC	136,806	2,370
Oneida	279	4
Onondaga	509	11
Ontario	71	1
Orange	6,482	103
Orleans	46	0
Oswego	48	1
Otsego	49	1
Putnam	599	7
Rensselaer	177	4
Rockland	9,457	93
Saratoga	254	3
Schenectady	269	1
Schoharie	20	0
Schuyler	7	1
Seneca	18	0
St. Lawrence	110	5
Steuben	167	0
Suffolk	27,662	774
Sullivan	544	7
Tioga	37	2
Tompkins	119	2
Ulster	877	23
Warren	101	5
Washington	65	2
Wayne	50	0

Westchester	24,306	503
Wyoming	36	0
Yates	10	1

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)